www.nohchalla.com

# Ненах

**Тахана кхечи со, со винчу сай юьрта,**
**Сай Нанас хаза хьоьстуш кхиийначу х1усаме.**
**Бераллехь мерза мур баьхьначу ирзе,**
**Сай Нана кху ирзехь гаре са тесна. } 2р**

**Сан Нена дикалла, цуьна хаза г1иллакхаш,**
**Аса цуьнца яьккхина и мерза зама.**
**Кху ирзехь дитташ т1ехь олхазарш дека,**
**Ткъа сан дог хьо гаре са туьйсуш кхехка. } 2р**

**Дага йог1у суна и яхана зама,**
**Хета и тахана набарах санна.**
**И шогу агана г1аж хьай буйна ва лаьцна,**
**Са хазаниг, ахьа бохуш, техкийна зама.**

**Дага дог1у суна тахана, со вина сан Нана,**
**Со кара ахь эцна, цу беша вай дахар.**
**Хьай хаза к1ай куьгаш стоьмаш т1е кхийдадеш,**
**И гаьннаш охьа ийзош, гуш санна хета. } 2р**

**Баркалла ду хьуна, со вина сан Нана,**
**Кху ирсен заманна ахьа кхиа варна.**
**Адамашца г1иллакхаш, бийца мотт 1амийна,**
**Яхийла к1енташна хьо санна Нана.**

**Сан дехар ду шоьга, сан хьомсар доттаг1ий,**
**Аш пусар делаша шаьш динчу шай Наной.**
**Къинт1ера бахалаш шаьш хьийзабарна,**
**Бахийла уьш вайна массо а ханна. } 2р**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)